

Mande'm de Tan & Klima!

Jodi a, yon enstriktè de Mize Discovery nan Acton te vizite nan klas mwen e li te fè yon pwogram sou tan ak klima. Nou te aprann sèvi ak konpetans yon syantifik pou fè obsèvasyon, poze kesyon, fè prediksyon, epi teste lide nou yo. E n'ap sèvi ak konpetans yon enjenyè pou devlope e teste yon solisyon a yon pwobèm. Nou diskite sou diferans an tan ak klima nan yon rejyon.. Mande'm pou'm pale'y de klima nan Arizona ak sa mwen pake nan vwayaj imajinè mwen pou ale nan Phoenix? Mande'm pou pale'w de ti abri'w ker mwen desine e konstwi pou pwoteje "bèt klas" nou de lapli. Mwen kapab pale'w de materyèl ke mwen sèvi, kòman mwen bati abri mwen, e kisa m'ap fè ki differan fwa sa.

Mwen te amize'm pou mwen ti bati ti abri mwen nan atelye an. Ankouraje'm pou mwen kontinye pou'm panse sou enpak tan ak klima genyen sou la vi tou lè jou nou pandan ke mwen pran yon defi:

Abri de Eleman yo

Kisa ke ou bezwen:

- yon ti nounous bète oubyen plastik
- materyèl pou kontwi yon abri pou bète lan. Ou kapab sèvi ak bagay lakay ou oubyen ki deyò tankou: katon resikle, papye, vesò plastik, ti bwa, ròch, zèb, fèy pye bwa.

Kisa pou fè:

1. Imajine ki ti nounous bète ke ou chwazi a te vivan. Se ou te kapab plase li lakay ou, andeyò de lakou oubyen yon pak, oubyen li kapab on lokasyon ou fè nan imajinasyon'w.
2. Detèmine klima lokasyon an—vrè oubyen imajinè. Kijan tan ye pandan tout ane an? Eske li cho, frèt, gen anpil solèy, mouye ak lapli, sèch e arid? Nan ki tip de abri ke bète ou an bezwen viv nan klima sa pandan ane an?
3. Desine yon abri kap kenbe bète lan konfòtab e byen pwoteje nan klima sa, kèlkeswa tan.

